# Yëgley Aqi Liggéeykat yi: Konsé Feebar ak Kaarànge

Am nga sañ-sañu am congé feebar bu wóor ak congé prenatal bu ñuy fay. Am nga sañ-sañ bi te laale wul dara ak sa melokaanu ngaan ci bi rew. Ki ngay liggéeyal war nala jox yëgle bii di la leeral say sañ-sañ.

## Bariwaayu congé bi:

| **Konsé Feebar ak Kaarànge**<br>(toppatoo sa bopp wala képp ku nga jàpp ni sa njaboot) | **Congé prénatal buy fay**<br>(faj sa bopp ci diiru ëmb) |
|---|---|
| • Képp kuy patroŋ danga wara jox liggéey **40 waxtu ci congé safe ak feebar** at mu nekk.<br>• Pataroŋ yu am 100 liggéeykat wala lu ko ëpp war nañu joxe **56 waxtuy konsé feebar ak kaarànge** at mu nekk.<br>Liggéeykat yiy liggéey bis bi yépp ak yiy liggéey bis bu néew dañuy am xaalis bu wóor *ak congé de malade ci njëgu* ***benn waxtu ci bépp*** **30 waxtu liggéey.** | • Képp kuy patroŋ dafa wara am bànk bu wuute **20 waxtu congé prenatal ñuy fay.** |

Sa atu arminaatu pataroŋ mu ngi nekk digante : ______________ ak ______________
Weer wu njëkk — Weer wu mujj

Am nga sañ-sañu **FAYYEEKU** konsé feebar ak kaarànge sudee:

- Sa pataroŋ am na 5 liggéeykat wala luko ëpp.
- Sa patroŋ amul 5 liggéeykat waaye am xaalis bu tollu ci $1 milioŋ wala lu ëpp.
- Da ngay liggéey ci këru jambur niki ab mbindaan, maanaam toppatookatu xale, defar kër gi, wala ab guŋgeekat, wala liggéeykat buy jàppale. *Bàyyi ci xel: Yoon wi 1 liggéeykatu kër wala lu ko ëpp lay toppatoo.*

Am nga sañ-sañu am konse feebar ak kaarànge bula **DUL FAYAL** sudee:

- Sa pataroŋ dafa am lu neew 5 liggéeykat ak njuréef bu motul 1 miliyoŋu $.

Mën nga yobbu say konsé feebar wala kaarànge ci atu arminaat bi ci topp.

## Jëfandikoob Konsé Feebar ak Kaarànge:

- Jëfandikoo ko ngir sa wergu-yaram, bokk na ci ngir am pàj wala ngir noppalu ci ab feebar wala gaañ-gaañ.
- Jëfandikool ko ngir toppatoo sa mbokk mu feebar wala nga am ranndiw ak doktër.
- Jëfandikoo ko su sa liggéey wala sa lekoolu doom tëjee ndax feebar bu laal askan wi yépp.
- Jëfandikoo ko ngir sa kaarànge wala kaarànge kenn ku bokk ci sa kër ndax ay fitna yuñuy amal ci kër gi, sey yuñu bëggul, topp, wala tarafiku nit.

Sa pataroŋ mën na laaj nga joxe ab yëgle ci njëlbéen ci ab jëfandikoo konsé feebar ak kaarànge buñu waajal, maanaam, ngir teew ci ab rendez-vous bula doktoor wala kër atekay bindal. Jarul nga njëkka yëgal congé bu la xaarul; ci misaal feebar wala paj mu jamp.

Am nga sañu-sañu def lépp ci sutura. Jarul nga jox sa patroŋ ay leeral ci li tax nga jël congé bi.

Soo amee congé lu ëpp ñetti fan yu toppalante, sa patroŋ mën nala laaj nga joxe këyit.

## Mbir yiñ laaj ci bind:

Sa pataroŋ daf la wara:

- Jox la ab sàrt buñu bind buy leeral ni ngay jëfandikoo say xéewal.
- Wax la ñaata congé nga jëfandikoo ak ñaata congé nga dese ci diiru saleer bu nekk.

## Amul daan:

Yoon tere na ñu yar wala dàq liggéeykat ndax dafa laaj wala jëfandikoo konje wala ndax dafa def yëgle ni dafa sàngane.

NYC Consumer and Worker Protection

**Jokkool ak Kër gi yore Kaarànge liggéeykat bi ak aji-jëfandikukat bi ngir am yeneeni leeral wala ngir yónnee ab ñaxtu.**

Yëral **nyc.gov/workers** | Wootel ci **311** te laaj “Konsé feebar ak Kaarànge buñuy fay”

Mën nga joxe itam ab tektal buy NËBB SA TUR.

05/30/2025